

20 fevrye 2025

Lèt louvri

Pou Ekselans Leslie VOLTAIRE

Prezidan Konsèy Prezidansyèl Tranzyon

Kòm òganizasyon ki angaje nan defann dwa moun, jistis, ak pwosperite nan peyi Ayiti, nou swete felisite Konsèy Prezidansyèl Tranzyon (KPT) an pou desizyon li pran pou bay gouvènman an enstriksyon pou « pran tout mezi nesesè pou mennen ankèt epi pouswiv [...] moun k ap detwi sekirite ak stabilite Ayiti », konsantre sou moun peyi etranje bay sanksyon yo. Sa ka reprezante yon etap enpòtan nan demantèlman fòs k ap destabilize Ayiti a epi bati konfyans piblik la ankò. Men, pwogrè reyèl nan lapè ak estabilite demokrasi an Ayiti a, mande yon atansyon espesyal ak pwogramatik sou lit kont vyolans seksyèl ki baze sou sèks (VBG). Nou ankouraje w pou w konplete mezi responsabilite yo te anonse 10 fevriye a, avèk efò ki vize prevansyon kont vyolans seksyèl, bay swen ak sèvis pou sivivan yo, epi pouswiv agresè yo lajistis.

Fanm ak tifi ayisyèn yo sibi kèk nan vyolans seksyèl ki pi grav nan mond lan, ansam ak lòt fòm vyolans seksis. Malgre anpil ka pa rapòte akoz krent vanjans, estigmatizasyon ak mank konfyans nan sistèm ayisyen yo, toutfwa ka ki rapòte yo konte pa milye. Kèk founisè sèvis yo rapòte plizyè mwa kote yo te konstate yon mwayèn 40 ka vyòl pa jou sèlman nan sit yo. Daprè Nasyonzini, ka vyolans seksyèl kont timoun – sitou tifi – ogmante de 1000% an 2024.

Absans sèvis ak resous pou sivivan bay gwo kè sote.. Tretman medikal, pwofilaksi nan zafè sante seksyèl, abri, ak sipò sikososyal prèske pa egziste. Enpinite pou krim seksyèl ak lòt fòm VBG, prèske invèsel. Enkapasite gouvènman an pou asire sekirite ak pwoteksyon efikas nan sit deplasman yo, fè yo tounen espas danjere pou vyolans seksyèl, anplis eksplwatasyon ak abi seksyèl moun ki reskonsab pou distribye tikras resous imanitè yo, ap fè kont fanm ak tifi ki dezespere.

Men, abi sa yo ak mank sa yo pa sèlman vyolasyon grav dwa moun k ap ravaje kò ak lavi fanm ak tifi ayisyen. Gwoup ame yo sèvi ak vyolans seksyèl kòm yon zouti pou konsève yon tèritwa, pini moun ki reziste, pran lajan pou satisfè bezwen yo, epi rekrite moun pandan y ap kraze kominote yo. Yo itilize VBG kòm yon taktik byen reflechi epi anba chal, pou destabilize kominote yo yon fason sistematik e rache kontwòl teritwa a anba men Leta ayisyen an. An reyalite, Ajennda Nasyonzini pou fanm, lapè ak sekirite rekonèt aklè, lè yo sèvi ak VBG a kòm yon zam, sa ogmante konfli yo epi reprezante yon menas pou lapè ak sekirite. Se poutèt sa, li esansyèl pou konbat VBG kont fanm ak tifi ayisyen pou stabilize ak rekonstru Ayiti, e sa dwe vin yon prensip santral nan politik sekirite ak responsabilite w yo.

Nou remake tou, moun peyi etranje yo sanksyone yo ou te site nan deklarasyon w lan 10 fevriye a, dwe pousuiv lajistis pou VBG. An avril 2021, Obsèvatwa Ayisyen sou Krim Kont Limanite (OHCCH) ak Klinik Dwa Moun nan Harvard Law School te pibliye yon rapò, Asasina nan tout Enpinite: Masak ki jwenn benediksyon Leta an Ayiti, ki te tabli atak kont Lasalin ak lòt katye opozisyon an, ki te gen ladan vyòl, te kwòdone ant chèf gwoup ame yo ak lidè politik yo, ki te vin jwenn sanksyon entènasyonal apre sa. Rapò a konkli, vyòl ak lòt fòm vyolans yo te fèt ase

souvan, yo te sistematik, epi te gen rezon politik kache dèyè yo, pou konstitye krim kont limanite.

Pou sa, nou ankouraje w pran mezi sa yo imedyatman:

1. Bay enstriksyon pou gouvènman an pran tout mezi nesesè pou mennen ankèt sou krim ki gen rapò ak VBG e pousuiv lajistis moun ki reskonsab yo, ak tout moun ki gen nan men yo responsabilite pou pousuiv lajistis sila yo sanksyone yo sou plan entènasyonal la;
2. Bay enstriksyon pou gouvènman an priorize mezi pwoteksyon ak entèvansyon nan pratik lapolis li yo, espesyalman nan remete sou pye inite espesyalize ki fòme pou fè entèvansyon ak mennen ankèt ki pran an kont twomatis yo;
3. Bay enstriksyon pou gouvènman an pran tout mezi nesesè pou amelyore sekirite nan sit deplasman yo pandan y ap pran an kont kesyon sèks moun ki abrite nan kan yo, epi mete an aplikasyon politik prevansyon kont eksplwatasyon ak abi seksyèl yo;
4. Bay priorite ak lajan nan bidjè nasyonal la k ap la pou sèvis pou moun ki se sivivan VBG yo, espesyalman asistans medikal ak sikolojik, abri, ak materyèl nesesè pou ankèt ak pouswit lajistis krim ki gen rapò ak VBG;
5. Mande kolekte done ki separe pa sèks, ki pran an kont twomatis yo, espesyalman nan sa k gen pou wè ak krim, bezwen imanitè, ak angajman sivik.

Yon fason jeneral, nou ankouraje KPT a pou l adopte [Kad Politik pou yon tranzisyon efikas ak ekitab](#), e mete an aplikasyon san pèdi tan, prensip ak rekòmandasyon li yo nan politik ak aktivite gouvènman tranzisyon an. Nou atire atansyon w espesyalman sou obligasyon legal ou pou garanti fanm ak tifi Ayiti yo jwisans total nan dwa yo, ladan yo, dwa pou egalite, san diskriminasyon, pwoteksyon kont vyolans, patisipasyon politik total, ak aksè ak jistis epi opòtinite ekonomik.

Nou ankouraje w tou, pou w sonje pran an kont lidèchip fanm ak bezwen espesifik yo se yon pratik ki tabli pou fe sekirite ak demokrasi retounen, ki reflete yon [rekonesans](#) ki baze sou eksperyans lè fanm yo ladan I tou, rezulta yo pi efikas ak dirab. Se poutèt sa, nou mande w asire w ou pran an kont epi reponn ak bezwen espesifik fanm ak tifi nan tout aktivite gouvènman an, epi nou raple w obligasyon konstitisyonèl ou pou w asire pou pi piti 30% nan tout pozisyon desizyonèl nan [gouvènman](#) ak nan enstriman li yo ap rezève pou fanm ki kalifye. Nou remake ak desepsyon, jiskaprezan, gouvènman tranzisyon an [pa respekte obligasyon](#) konstitisyonèl li yo sou sa, e li menm te fè bak nan sa ki konsène nominasyon ministè yo. Nou mande w pran mezi korektif imedyatman.

Avèk salitasyon nou nan respè e nan espwa w ap aji san pèdi tan sou demann nou yo:

1. 100% FANM - SAN POU SAN FANM
2. 11th Department

3. 1804 Institute
4. Chans Altenativ/Alternative Chance
5. American Jewish World Service (AJWS)
6. Anana Consultants
7. Ansara Family Fund
8. Bureau des Avocats Internationaux (BAI)
9. CAISO: Sex & Gender Justice
10. Center for Gender & Refugee Studies (CGRS)
11. Centre d'Education de Formation et de Développement Communautaire (CEFODEC)
12. Coalition des Associations des Femmes pour la Justice Sociale en Haïti (CAFJSH)
13. Collectif Haïti de France (CHF)
14. Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix (CE-JILAP)
15. Community Coalition for Haiti (CCH)
16. Coordination Europe-Haïti (CoEH)
17. Diaspora Community Services (DCS)
18. Faith in Action International (FIA)
19. Fann Deside
20. Fédération des Associations Régionales Haïtiennes de la Diaspora (FAREHD)
21. Femmes en Action Contre la Stigmatisation et la Discrimination Sexuelle (FACSDIS)
22. Fondation TOYA
23. Global Centre for the Responsibility to Protect (GCR2P)
24. Groupe d'Appui au Développement et à la Démocratie (GRADE)
25. Groupe de Travail sur la Sécurité (GTS)
26. Haitian-American Foundation for Democracy (HAFFD)
27. Haitian Women's Collective (HWC)
28. Haiti School Project
29. Impact Communautaire pour le Développement d'Haïti (ICODEH)
30. Institute for Justice & Democracy in Haiti (IJDH)
31. International Civil Society Working Group for the Permanent Forum on People of African Descent (ICSWG PFPAD)
32. Kouraj
33. Li, Li, Li! Read
34. MADRE
35. Marijàn
36. Manifest Haiti
37. Massachusetts Action for Justice
38. Midnight Books
39. New England Human Rights Organization (NEHRO)
40. Nègès Mawon
41. Nou Pap Dòmi
42. Òganizasyon Feminis Dantò / Dantò Òganizasyon Feminis
43. Organisation des Femmes Solidaires (OFASO)
44. Organisation pour l'Émancipation des Femmes à travers l'Éducation (OEFE)
45. Organisation Trans d'Haïti (OTRAH)
46. P4H Global
47. Platform of Haitian Human Rights Organizations (POHDH)

48. Plateforme des Organisations de Femmes Haïtiennes pour le Développement (POFHAD)
49. Quixote Center
50. Regroupement des Femmes Actives d'Haiti (RFAH)
51. Regroupement des Organisations de Femmes de Gressier et de Léogâne (ROFGL)
52. Roots of Development
53. Safety Advocacy Family Equity Jamaica
54. St. Joseph Worker Foundation, Inc.
55. Summits Education
56. Unitarian Universalist Service Committee (UUSC)
57. We Are Women Org
58. Women's All Points Bulletin (WAPB)